**Pou Piblikasyon Imedya:** 13/01/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL DEVWALE PLAN POU EDE ELÈV YO REYISI ATRAVÈ APRANTISAJ RETOUNEN NAN BAZ, OGMANTASYON RESOUS POU PWOFESÈ YO AK YON FOKIS SOU ANVIWÒNMAN LEKÒL KI AN SANTE

***Retounen nan baz nan matematik ak alfabetizasyon: Transfòme aprantisaj atravè enstriksyon ki gen kalite ak aprantisaj pwofesyonèl***

***Kreye yon sistèm pwofesè dirab nan Eta Nouyòk***

***Ogmante transparans ak responsablite nan sistèm edikasyon nou an***

***Ranfòsman pwogram pou jèn Endijèn, tifi Nwa ak Latina yo***

***Konekte edikasyon siperyè ak opòtinite***

***Pwomouvwa sante mantal jèn yo ak pwoteje timoun yo sou entènèt***

Gouvènè Hochul te devwale jodi a plan li pou ede timoun Nouyòk yo reyisi atravè aprantisaj ki baze sou prèv, ogmantasyon resous pou pwofesè ak kandida pwofesè, epi yon konsantrasyon sou anviwònman lekòl ki an sante kòm yon pati nan Diskisyon Eta Leta 2026 li a. Gouvènè a angaje l pou l envesti nan ansèyman matematik ak alfabetizasyon ki gen kalite siperyè, yon sistèm pwofesè dirab pou ogmante rekritman ak retansyon, ak devlopman mendèv pou edikatè timoun piti yo. Apre inisyativ lekòl san distraksyon li a te resevwa yon gwo sipò epi li te reyisi nan tout eta a, Gouvènè Hochul ap konsantre sou fè pi gwo pwogrè nan salklas nan Nouyòk. Li angaje tou pou asire ke elèv yo ka kontinye aprann nan Eta Nouyòk, pouswiv yon diplòm abòdab ki renome atravè lemond atravè sistèm SUNY ak CUNY yo. Ane sa a, Gouvènè a gen pou objektif pou elaji SUNY ak CUNY Reconnect epi ede elèv yo ak frè ekolaj ak lòt depans lè yo fè fas ak entèripsyon nan edikasyon yo.

"Antanke premye Gouvènè manman Nouyòk, mwen konprann enpòtans kalite ak rezilta lekòl yo genyen lè w ap deside ki kote pou elve yon fanmi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Espwa mwen se pou elèv Nouyòk yo se moun ki pi prepare akademikman nan peyi a — se poutèt sa n ap aplike modèl aprantisaj ki baze sou prèv ki retounen nan baz yo pou nou mete timoun nou yo ajou nan matematik ak alfabetizasyon epi n ap envesti nan pwogram devlopman pou sipòte epi kenbe pwofesè ki kalifye yo. Avèk

pwopozisyon sa yo, paran nan Nouyòk yo ka asire ke pa gen pi bon kote pou pitit yo aprann epi devlope tèt yo pase isit la nan eta nou an."

**Retounen nan baz nan matematik: Transfòme aprantisaj matematik atravè enstriksyon ki gen kalite ak aprantisaj pwofesyonèl**
Gouvènè Hochul te travay avèk pwofesè yo ak distri lekòl yo pou asire lekòl yo ap anseye elèv yo li nan bon fason an — sa fèt nan aliyen pi bon metòd ansèyman yo ak prensip Syans Lekti ki baze sou prèv yo. Kòm rezilta chanjman radikal sa yo nan règleman yo, ak travay di elèv ak pwofesè nou yo, pousantaj konpetans nan lekti nan tout eta a deja kòmanse ogmante.

Baze sou siksè sa a, Gouvènè Hochul pral aplike modèl sa a nan ansèyman matematik, lè li pwopoze yon lejislasyon pou egzije Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department, SED) pou bay pi bon pratik enstriksyonèl bay distri lekòl yo nan ansèyman matematik, ansanm ak konsèy ak resous pou ede edikatè yo chwazi epi aplike metodoloji ansèyman ki aliyen ak estanda eta yo ak pi bon pratik yo.

Eta a pral non sèlman bay SUNY ak CUNY enstriksyon pou devlope mikwo-kalifikasyon nan ansèyman matematik ki baze sou prèv pou sipòte pwofesè Nouyòk yo, men li pral lanse tou opòtinite pou fòmasyon pwofesyonèl nan tout eta a, san bliye pwojè pilòt nan sant rejyonal nan distri kote elèv yo gen plis difikilte nan matematik.

Ansanm, aksyon sa yo pral sipòte yon ogmantasyon nan aprantisaj matematik pou elèv yo, ekipe pwofesè yo atravè eta a ak teknik ak materyèl ansèyman ki baze sou prèv, epi kreye opòtinite pou aprantisaj pwofesyonèl.

**Apiye sou Pwogram Retounen nan Baz nan lekti gras ak sipò pou pwofesè an sèvis yo**
Distri lekòl Nouyòk yo te aliyen ansèyman lekti yo ak metodoloji ki baze sou prèv; epi administrasyon li a, SED, ansanm ak kolèj ak inivèsite yo ap travay pou asire ke nouvo pwofesè yo ap aprann anseye lè yo sèvi avèk pi bon pratik Syans Lekti yo, atravè plan aksyon eta a ki te kreye an akò ak patisipasyon Nouyòk nan pwogram Path (Path Forward) Hunt Institute la.

Anplis fòmasyon pwofesè anvan sèvis la, Gouvènè Hochul pral asire ke eta a sipòte pwofesè klas aktyèl yo pandan chanjman sa a ap dewoule. Pou fè sa, Nouyòk pral bay plis pwofesè aktyèl yo opòtinite pou yo konplete yon mikwo-kalifikasyon nan Syans Lekti SUNY oswa CUNY gratis, anplis devlopman pwofesyonèl sendika Pwofesè Reyini nan Eta Nouyòk (New York State United Teachers, NYSUT) ap bay la. Mikwo-kalifikasyon yo se pwogram sètifikasyon kalite siperyè ki ofri enstriksyon solid nan pi bon pratik lekti, atravè yon kou akselere. Lè nou kontinye ofri ansèyman sa a bay plis pwofesè gratis, modèl sa a ap asire yon gwo patisipasyon edikatè atravè eta a epi l ap ede asire ke tout timoun gen aksè ak ansèyman lekti ki gen kalite siperyè.

Gouvènè Hochul pral bay tou resous adisyonèl ak sible pou kèk nan distri ki gen plis bezwen nan Nouyòk ki an reta nan adopsyon Syans Lekti a. Apati Rochester ak

Yonkers, Gouvènè Hochul pral etabli yon pwogram pilòt twa zan ant distri lekòl yo ak pwogram preparasyon edikatè (educator preparation programs, EPP) ki baze nan Nouyòk ki pral ofri eksperyans klinik enpòtan pou kandida pwofesè yo, kolaborasyon pou entegre pi bon pratik Syans Lekti nan pwogram EPP yo ak enstriksyon sou lekti distri lekòl yo. Lè l konsantre sou yon kantite distri ki gen gwo bezwen, pwogram pilòt sa a, ki bati sou patenarya piblik-prive ke Literacy Academy Collective ap jere kòm yon pati nan plan aksyon eta Path Forward la, yo pral rive jwenn pwofesè yo kote yo ye a, ede asire tout elèv yo ap resevwa yon ansèyman kalite siperyè, epi travay pou fèmen twou vid ki genyen nan nivo alfabetizasyon an.

**Akselere aprantisaj avèk leson patikilye ki gen gwo enpak**
Anplis sipòte chanjman ki baze sou prèv nan ansèyman ak aprantisaj alfabetizasyon ak matematik, Gouvènè Hochul ap chèche tou akselere aprantisaj elèv yo atravè leson patikilye sible epi ki gen gwo enpak. Eta a pral sipòte patenarya ant distri lekòl ki gen gwo bezwen ak founisè leson patikilye pou asire leson patikilye endividyèl ak kalite siperyè pou elèv ki merite yon ogmantasyon siplemantè. Opòtinite leson patikilye yo ap limite a distri ki enterese yo, men yo ap sipòte alafwa alfabetizasyon ak matematik. Prèv ki soti nan lòt eta ak kominote yo montre ke kalite leson patikilye sa a ka trè efikas lè yo byen aplike li, pou ede elèv yo simonte baryè tradisyonèl yo. Ede elèv nou yo eksele nan matematik ak alfabetizasyon pral ouvri yon linivè opòtinite pou timoun nou yo epi asire ke mendèv alavni nou an ekipe ak konpetans yo bezwen pou reyisi.

**Kreye yon sistèm pwofesè dirab nan Eta Nouyòk**
Nouyòk, tankou anpil lòt eta, fè fas ak gwo defi an tèm divèsite, rekritman ak retansyon pwofesè yo. Yo estime ke Nouyòk pral bezwen jiska 180,000 nouvo pwofesè pandan dis ane k ap vini yo, ki gen ladan edikatè pou timoun piti.

Pou adrese defi sa yo, Gouvènè Hochul pral envesti nan yon seri inisyativ inovan pou rekritman ak preparasyon pwofesè. Li pral bay Depatman Edikasyon Eta a enstriksyon pou etabli yon nouvo pwogram pou kreye yon chemen preparasyon pwofesè akselere pou moun k ap chanje karyè ak moun ki vle vin edikatè ki deja gen yon lisans. Nouvo chemen sa a pral mande pou etidyan k ap prepare pou vin pwofesè yo fè pratik nan klas ki gen gwo bezwen, pou sa ka konte nan pwosesis sètifikasyon yo; sa pral pèmèt yo akselere pwosesis pou mete nouvo pwofesè sa yo nan klas kote yo plis bezwen yo a.

Pou ede elèv lekòl segondè nou yo aprann epi antre nan pwofesyon ansèyman an, Nouyòk pral lanse nouvo pwogram P-TEACH atravè pwogram Fon Opòtinite Kolèj nan Lekòl Segondè a (College in High School Opportunity Fund), ki pral pèmèt elèv lekòl segondè yo pran yon avantaj nan aprann epi prepare pou karyè nan edikasyon lè yo pran kou kolèj nan matyè ki enpòtan pou kredi kolèj. Anplis de sa, Eta a pral sipòte amelyorasyon TeachNY, yon resous sou entènèt ki bay enfòmasyon, kou ak konsèy pou pwofesè potansyèl yo pandan y ap eksplore pwofesyon an epi aplike nan pwogram fòmasyon edikatè atravè Eta a. Avèk resous adisyonèl, pwogram nan ap vize sipòte plis pase 7,000 pwofesè rekrite nan tout eta a nan twa pwochen ane yo.

Finalman, pou konsidere solisyon alontèm, Gouvènè Hochul pral etabli yon Gwoup Travay ki gen ladan Biwo Gouvènè a, Depatman Edikasyon Eta a, Depatman Travay la (Department of Labor) ak endistri edikasyon siperyè a, kowòdone pa Enstiti Gouvènman Rockefeller la. Gwoup Travay la pral baze travay li sou konsiltasyon ak pwofesè ansanm ak tout moun ki konsène nan domèn edikasyon nan tout eta a, pandan l ap egzamine dimansyon ak kòz rasin mank pwofesè nan eta a, baryè ki anpeche nouvo pwofesè yo antre nan sistèm nan, epi pwopoze solisyon nan nivo politik ak règleman.

Atravè gwo pake refòm ak pwogram sa yo, Eta Nouyòk ap idantifye epi retire anpil nan baryè ki aktyèlman anpeche moun pouswiv karyè nan ansèyman. Ansanm, règleman sa yo ap lakòz plizyè milye pwofesè anplis ki gen bon kalite nan ekosistèm edikasyon Nouyòk la, pou sipòte yon avni ki pi briyan pou tout elèv yo nan Nouyòk.

**Kreye premye defi elèv Empire AI a**
Gwo itilizasyon IA, patikilyèman pa etidyan ak anplwayè yo, vin tounen yon reyalite ki prezan toupatou nan anviwònman aprantisaj ak nan monn pwofesyonèl la. Pandan elèv ak pwofesè yo ap lite pou yo konprann itilizasyon ak konsekans nouvo teknoloji sa a, anpil ladan yo rapòte yo santi yo depase epi yo pa santi yo prepare pou yo sèvi ak li.

Pou adrese enkyetid sa yo, pou pèmèt elèv yo angaje yo ak teknoloji a yon fason pozitif san danje, epi pou bay jèn Nouyòkè yo konpetans yo bezwen pou yo byen sèvi ak teknoloji alavni yo, Gouvènè Hochul pral mete sou pye premye Defi Elèv Empire AI la. Gwoup elèv nan klas jadendanfan rive 12èm ane – avèk yon edikatè oswa yon ekspè ki patwone yo – pral travay pou idantifye yon pwoblèm piblik la ap fè fas epi jwenn oswa kreye yon solisyon lè yo sèvi avèk entèlijans atifisyèl. Pwofesè ak ekspè k ap patwone yo pral jwenn aksè ak fòmasyon pou yo aprann kijan pou yo anseye elèv yo itilizasyon IA yon fason responsab epi kijan pou yo prepare pou aplikasyon potansyèl li yo alavni nan salklas la ak apre. Defi a ap gen ladan evènman sou plas nan kanpis manm Empire AI k ap patisipe yo, tankou kanpis SUNY ak CUNY, pou elèv yo ka aprann nan travay dènye kri k ap fèt nan espas la isit la menm nan Nouyòk. Sa pèmèt elèv yo gen opòtinite pou jwenn solisyon kreyatif pou pwoblèm piblik la ap fè fas, aprann kijan pou yo itilize entèlijans atifisyèl yon fason responsab, epi sipòte edikatè yo pandan y ap prepare pou anseye patisipan yo nan mendèv alavni nou an.

**Ogmante transparans ak responsablite nan sistèm edikasyon nou an, nan pwogram yo ak nan envestisman yo**
Sistèm done fragmante Nouyòk yo rann li difisil pou nou trase chemen elèv nou yo depi nan premye entèvansyon ak edikasyon timoun piti, enskripsyon nan lekòl ak inivèsite, jiska gradyasyon ak travay. Pou adrese pwoblèm sa a, Nouyòk te kòmanse bati yon sistèm done lonjitidinal nan tout Eta a (statewide longitudinal data system, SLDS) ki sekirize pou konekte done yo depi nan aprantisaj timoun piti, lekòl primè ak segondè (K–12), nivo inivèsite, jiska mache travay la, pou yo ka analize pakou elèv yo sou yon tan long san yo pa mete enfòmasyon prive yo an danje.

Ane sa a, Gouvènè Hochul pral sipòte yon envestisman adisyonèl pou elaji kapasite pou konstwi epi jere sistèm lan nan yon gwo echèl. Eta a pral etabli tou yon konsèy gouvènans milti-ajans pou asire sipèvizyon done sa yo nan tout eta a avèk pwoteksyon konfidansyalite ki apwopriye yo. Lè Eta a envesti nan yon sistèm done santralize ki an sekirite, li pral kapab itilize done reyèl nan divès ajans li yo pou enfòme yon pi bon fason pou fè politik.

**Asire ke jèn Endijèn yo gen aksè a yon ansèyman sivik ki enpòtan e ki gen kalite**
Elèv endijèn atravè Eta Nouyòk kontinye ap fè eksperyans disparite nan edikasyon, tankou mwens angajman nan opòtinite aprantisaj sivik ak aprantisaj kominotè ki sipòte preparasyon ak angajman pou kolèj, karyè ak sivik. Pou asire ke tout distri lekòl yo gen kapasite ak kad ki nesesè pou angaje jèn endijèn yo nan edikasyon sivik nan lekòl, Nouyòk pral elaji Pwojè Sèvis pou Jèn Endijèn yo pou sèvi plis distri lekòl. Pwojè sa a, ki te kòmanse okòmansman nan LaFayette, Silver Creek, ak Niagara-Wheatfield, te teste yon metòd inovatè ki baze sou aprantisaj nan sèvis kominotè ki demontre lè jèn endijèn yo angaje yo nan sèvis kominotè ki chita sou valè kominote yo a, yo devlope konfyans nan tèt yo nan nivo akademik, yo jwenn konpetans sivik, epi yo devlope kapasite pou yo vin lidè. Elaji pwojè a nan tout eta a ap asire ke elèv endijèn nan tout rejyon yo gen menm opòtinite pou kwasans ak siksè.

**Ogmante Ekselans: Ranfòse pwogram mentora pou tifi Nwa ak Latina**
Gouvènè Hochul angaje l pou l sipòte ak ankouraje tout timoun Nouyòk yo pou yo santi yo alèz epi yo gen pouvwa pou yo jwe wòl lidè nan kominote yo. Pou konfwonte baryè tradisyonèl yo nan resous mantora ak lidèchip pou jèn fanm Nwa ak Latina, Gouvènè Hochul te lanse Inisyativ Konsèy Ti Fi Nwa yo (Black Girls Mentoring Initiative) ak Inisyativ Konsèy pou Latina (Latina Mentoring Initiative, LMI). Ane sa a, li ap konfime sipò li pou pwogram sa yo ki bay patisipan yo mwayen pou amelyore konpetans pwofesyonèl ak pèsonèl yo tout pandan y ap bati konfyans pou yo vin lidè pami lòt moun parèy yo. Se divèsite ak laj sikonskripsyon Nouyòk yo ki fè nou tèlman espesyal, epi Gouvènè Hochul ap asire ke okenn timoun pa santi yo pa gen konpetans oswa aksè yo bezwen pou kontribye yon fason siyifikatif nan kominote yo.

Gouvènè Hochul rete angaje pou asire ke Nouyòkè yo ka kontinye aprann epi grandi odela edikasyon K-12 yo nan eta lakay yo. Li ap dirije nasyon an nan inisyativ pou amelyore abòdabilite ak siksè nan edikasyon siperyè:

**Double opòtinite Kò Sèvis Empire State la pou elèv SUNY yo**
Jèn moun atravè Eta Nouyòk la anvi angaje yo nan travay sèvis piblik ak volontarya ki gen sans ki ka benefisye kominote yo epi amelyore konpetans yo, men yo dekouraje paske yo pa kapab renonse a yon travay peye. Pou ogmante opòtinite angajman sivik pou jèn Nouyòkè yo, Gouvènè Hochul te lanse Kò Sèvis Empire State la (Empire State Service Corps, ESSC) an 2024, yon pwogram ki fèt pou kreye opòtinite sèvis piblik peye pou etidyan inivèsite atravè Nouyòk nan domèn tankou leson patikilye K-12, sante mantal ant elèv, ak dirabilite. Demand lan te akablan, ak prèske 2,000 elèv SUNY ki aplike pou 500 plas nan premye Kò Sèvis Empire State la.

Pou konstwi angajman SUNY anvè sivik ak sèvis epi pou bay plis opòtinite pou jèn yo patisipe, Gouvènè Hochul pral double gwosè ESSC a sou kanpis SUNY yo, epi li pral mete nouvo domèn pwogram pou satisfè bezwen ki pi ijan Nouyòk yo—tankou ofri nouvo kapasite pou ede nan rekiperasyon apre katastwòf.

**Konekte edikasyon siperyè ak opòtinite**

Gouvènè Hochul ap travay tou pou fè sistèm edikasyon siperyè Nouyòk la tounen yon opsyon abòdab pou jwenn aksè ak travay ki byen peye, sa ki finalman pèmèt bati yon mendèv ki pi solid nan tout eta a. Kèk nan inisyativ sa yo enkli:

**Kenbe liy sou depans yo epi ankouraje abòdablite pou inivèsite nan SUNY ak CUNY**
Gouvènè Hochul ap defann aksè abòdab pou elèv ak fanmi nan Nouyòk lè li kontwole depans nan kolèj piblik Nouyòk yo, li bloke frè ekolaj pou elèv premye sik yo ki rete nan kanpis Eta SUNY yo ak kolèj pou granmoun aje CUNY yo, epi li bay enstitisyon sa yo èd fonksyònman siplemantè pou plis Nouyòkè ka jwenn yon diplòm san yo pa tonbe anba chay dèt k ap kraze yo. Lè l kenbe frè ekolaj yo fiks sou kanpis SUNY ak CUNY yo, l ap retire chay finansye a sou do elèv ak fanmi ki travay di nan Nouyòk.

Abòdablite pou inivèsite se yon pati esansyèl nan estrateji ekonomik Nouyòk la. Blokaj kontinyèl sa a sou frè ekolaj la, ansanm ak lòt inisyativ tankou kolèj kominotè gratis pou elèv adilt ak elajisman aksè anvan yo nan Pwogram Asistans pou Frè Ekolaj la (Tuition Assistance Program, TAP), ede fanmi k ap travay yo ak elèv yo kenbe tèt ak pri lavi a pandan y ap prepare Nouyòkè yo pou travay ak karyè ki byen peye.

**Amelyore abòdabilite a lè nou elaji SUNY ak CUNY Reconnect pou rtavay ki Ggen anpil demann**
Pri yon diplòm inivèsite pa ta dwe anpeche elèv granmoun pouswiv nouvo rèv pwofesyonèl nan domèn ki gen anpil demann epi ki alimente ekonomi nou an. Pwogram SUNY ak CUNY Reconnect, ke Gouvènè Hochul te lanse an 2025, bay elèv adilt yo opsyon pou ale nan kolèj kominotè gratis si yo pouswiv yon diplòm nan yon domèn ki gen anpil demann tankou swen sante, sekirite sibeèetik, oswa fabrikasyon avanse. Pwogram nan deja bay rezilta remakab; inivèsite yo te resevwa 16,500 aplikasyon nan tout eta a ane sa a epi yo te enskri plis pase 11,000 elèv nan pwogram nan, yo te travay avèk siksè pou sipòte ekonomi nou an epi ranfòse mendèv nou an nan endistri vital yo.

Pou kontinye ak momantòm sa a, Gouvènè Hochul pral elaji lis domèn ki kalifye e ki an gwo demann nan pwogram nan pou enkli domèn tankou lojistik, kontwòl ak transpò trafik ayeryen, ak jesyon ijans. Etandone bezwen ijan pou elaji mendèv enfimyè nou an, li pral elaji pwogram nan tou pou enkli granmoun ki gen yon diplòm nan enfimyè, menm si yo deja gen yon diplòm inivèsite nan yon lòt domèn. Lè Eta a ap elaji pwogram SUNY ak CUNY Reconnect yo nan zòn ki gen anpil demann, li ap sipòte devlopman mendèv nan domèn ki gen anpil demann, li ap ranfòse ekonomi nou an lè li ranpli twou vid ki genyen nan travay, epi li ap kreye opòtinite mobilite ekonomik pou Nouyòkè yo atravè Eta a.

**Inisyativ New York Career Connect la: Pi byen prepare etidyan inivèsite yo pou mache travay la nan tout sistèm edikasyon siperyè a nan Nouyòk**
Pandan elèv yo ap gradye nan mache travay ak endistri dinamik, li enpòtan pou asire ke sistèm edikasyon siperyè Nouyòk la bay tout elèv yo eksperyans nan mache travay la anvan yo gradye pou yo ka byen prepare pou yo fè konpetisyon pou djòb lavni yo. Gouvènè Hochul pral pran mezi solid pou sipòte SUNY ak CUNY pou bay plizyè milye lòt estaj ak eksperyans aprantisaj ki aliyen ak karyè bay elèv yo ane pwochèn atravè inisyativ New York Career Connect la. Chak sistèm pral bati sou pwogram estaj ak eksperyans solid yo lè yo entegre konsèy karyè ak konsèy akademik, bay plan karyè klè pou chak domèn etid, epi elaji opòtinite ak biznis lokal yo ak plasman nan sèvis piblik. Lè yo ini efò sa yo anba yon objektif nan tout eta a, Eta a pral fèmen diferans nan patisipasyon nan mendèv la, ranfòse patenarya anplwayè yo, epi asire ke chak gradye pare pou karyè—sa ap amelyore valè yon diplòm inivèsitè epi pozisyone Nouyòk kòm yon lidè nasyonal nan preparasyon pou mendèv la.

**Ranfòse Sipò pou Moun ki gen Prè Etidyan nan Nouyòk**
Chanjman federal nan règleman prè elèv yo ap elimine opsyon peman ki deja egziste yo epi enpoze limit sou aksè elèv yo ak prè apati 2026. Mond prè etidyan an vin tounen yon labirent ki konplike anpil, ni pou moun ki gen prè kounye a, ni pou moun ki pral prete lajan nan lavni. Gouvènè Hochul pral anonse ekspansyon sèvis yo atravè Pwogram Asistans Konsomatè pou Dèt Edikasyon (Education Debt Consumer Assistance Program, EDCAP) pou ede fòme moun ki gen prè yo sou fason pou yo oryante yo nan yon kontèks politik ki vin pi konplike chak jou anrapò ak prè etidyan, pou yo ka evite reta nan peman epi rekipere si sa te deja rive yo.

Premye pwogram asistans pou konsomatè prè elèv nan Nouyòk nan peyi a, ki te fè Nouyòkè yo ekonomize 48 milyon dola depi kreyasyon li an 2019, pral lanse yon kanpay agresif pou rive jwenn, ede, epi edike plizyè milye moun ki anreta nan peman prè elèv oswa ki pral anreta byento, grasa yon patenarya dirèk ak kolèj ak inivèsite, ak yon konsantrasyon sou enstitisyon piblik yo, pou deplwaye yon modèl triyaj solid ki konbine webinè, zouti pou chak moun ka swiv pwòp rit yo, ak konsèy endividyèl. Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) a pral devlope tou yon nouvo pwogram edikasyon pou enfòme moun yo sou prè predatè epi bay plis efò pou kontakte konsomatè yo. Ansanm, aksyon sa yo pral ede moun ki gen prè etidyan yo respekte règleman k ap chanje tout tan yo, jwenn aksè ak sèvis sipò pou yo soti nan reta peman, epi evite tonbe nan pèlen magouy moun k ap bay prè malonèt yo.

**Kreye Fon Èd Ijans nan tout Kanpis SUNY ak CUNY pou kenbe elèv yo enskri**
Evènman sanzatann ak ijans, tankou kriz medikal, ka koute chè anpil, epi fòse moun chwazi ant peye bòdwo yo oswa peye ekolaj lekòl yo. Pou adrese pwoblèm sa a epi ede elèv yo rete lekòl pou yo ka fini etid yo, SUNY ak CUNY te pilote avèk siksè pwogram èd ijans pandan pandemi an. Pwogram sa yo te mete lajan ansanm pou yo itilize pou depans ijan ak enprevi elèv yo ka fè fas tankou pèt lojman, ensekirite alimantè, bezwen transpò ak depans medikal.

Apati siksè pwogram pilòt sa yo, Gouvènè Hochul pral bay SUNY ak CUNY enstriksyon pou devlope règleman estandadize pou tout sistèm nan ki gouvène èd ijans. Lè Eta a mete règleman estanda tankou kantite maksimòm sibvansyon, pwosesis aplikasyon ak limit pou tout lavi, li pral fè li pi fasil pou elèv yo rete lekòl epi jwenn aksè a sèvis esansyèl yo, ni sou kanpis la ni nan kominote a, lè yo pi bezwen yo.

**Sipòte ansyen elèv nan fanmi akèy pou yo ka jwenn yon diplòm atravè Pwogram Reconnect for Foster Scholars la**

Nan nivo nasyonal ak nan Eta Nouyòk, se sèlman apeprè twa a kat pousan nan ansyen jèn ki nan fanmi akèy ki fini yon diplòm katran, epi se sèlman de a sis pousan ki jwenn yon diplòm asosye. Baze sou aprantisaj ak pi bon pratik yo tire nan SUNY ak CUNY Reconnect, Nouyòk pral lanse pwogram Reconnect for Foster Scholars la pou bay sipò finansye pou ansyen jèn ki te nan fanmi akèy ki te kòmanse pran yon diplòm, ki te pran yon poz, epi kounye a ki vle retounen pou fini etid premye sik yo. Lè Eta a bay priyorite ak kwasans edikatif ansyen jèn ki te nan fanmi akèy yo, li mete aksan sou angajman li anvè tout Nouyòkè epi li kreye opòtinite pou mobilite ekonomik.

**Ankouraje jistis ak abòdablite pou etidyan yo grasa refòm règleman ranbousman lajan lekòl nan SUNY**

Pafwa, ijans, sikonstans lavi, oswa lòt ijans ka deranje pwogrè yon elèv nan direksyon diplòm li. Lè sa rive epi yon elèv oblije kite oswa pran yon poz sanzatann nan yon kolèj SUNY, yo ta dwe kapab jwenn lajan yo tounen pou kou yo pa t kapab pran yo. Pou sipòte retansyon elèv yo, minimize pèt finansye pou elèv yo, epi pi byen reflete reyalite ekonomik yo, Gouvènè Hochul pral bay SUNY enstriksyon pou pèmèt yo anile responsablite ekolaj la sou yon peryòd tan ki pi laj, toutpandan y ap konprann ke ijans ka rive nenpòt ki lè. Anplis de sa, SUNY pral pèmèt tou yon entwodiksyon pi long nan responsablite ekolaj pou elèv ki finanse atravè sibvansyon Pell, TAP, oswa GI Bill la.

**Redui chay nan pwosesis sètifika rezidans pou etidyan SUNY Community College ak etidyan ki fèk antre nan premye ane kolèj yo**

Lalwa aktyèl la egzije pou elèv kolèj kominotè ki ale lekòl andeyò zòn parennaj lokal yo a jwenn yon sètifika rezidans nan konte lakay yo nan espas 30 jou apre kou yo kòmanse, oswa y ap fè yo peye yon frè ekolaj apa, ki ka plis pase doub frè ekolaj rezidan an. Menm jan an tou, elèv lekòl segondè ki enskri nan pwogram doub enskripsyon nan kolèj kominotè yo oblije soumèt yon sètifika rezidans anvan yo enskri. Pou diminye fòmalite administrativ yo epi bay priyorite a abòdablite pou inivèsite, Gouvènè Hochul pral refòme pwosesis soumèt sètifika rezidans lan pou senplifye egzijans yo epi asire ke elèv yo pa responsab pou gwo sòm lajan si sètifika rezidans yo an reta sèlman kèk jou oswa kèk semèn. Refòm teknik sa yo pral ajoute nan dosye Leta a nan sipòte politik ki fè edikasyon pi abòdab epi ki senplifye pwosesis administratif yo pou plis moun ka jwenn aksè nan resous kalite sa yo.

**Pwomouvwa Sante Mantal Jèn yo**

Gouvènè Hochul ap chèche tou entegre sipò sante mantal pou jèn yo nan misyon li pou ankouraje anviwònman aprantisaj ki an sante nan tout eta a. Kèk nan inisyativ sa yo enkli:

- Ekipe tout elèv 10èm ane yo ak Fòmasyon Premye Swen Sante Mantal pou Adolesan
- Sipòte byennèt mantal jèn LGBTQ+ yo
- Elaji Espas Sekirite pou Jèn yo lè yo lè yo Deziyen De Lòt Òganizasyon Kominotè
- Rekonèt Lekòl k ap Abòde Sante Mantal Jèn yo
- Òganize yon Senpozyòm sou Prevansyon Itilizasyon Sibstans ki Dirije pa Jèn yo
- Asire ke tout klinisyen k ap sèvi timoun nan Biwo Sante Mantal Nouyòk la resevwa fòmasyon nan pratik ki baze sou prèv.
- Ouvèti jiska 15 nouvo klèb pou jèn yo pou sipòte gerizon nan kominote a pou jèn ki soufri ak yon twoub abi sibstans.
- Kreye yon Rezidans pou Jèn Adilt k ap Rekipere Apre Adiksyon Opyoyid
- Sipò Sante Mantal pou Jèn Endijèn yo

**Pwoteje timoun yo sou entènèt**

Anplis de sa, Gouvènè Hochul konprann ke sante mantal jèn yo gen yon lyen dirèk ak sekirite sou entènèt. Li ap anonse inisyativ sa yo:

- Sekirite depi nan Konsepsyon: Kreye Anviwònman Dijital ki Pi Ansekirite pou Timoun yo
- Asire Jwèt ki jis nan Parayj sou Entènèt epi Limite Aksè pou Jèn yo
- Ankouraje Sitwayènte Dijital Responsab: Sipòte Lekòl San Distraksyon ak Sante Mantal Elèv yo

**Anons jodi a bati sou siksè Gouvènè a te genyen pandan dènye ane a:**

- Envesti 37.6 milya dola nan Èd pou Lekòl, pi gwo nivo finansman lekòl nan listwa Eta a, ki gen ladan Èd Fondasyon ki finanse nèt pou premye fwa pou asire ke resous yo rive nan lekòl ki pi bezwen yo epi mete ajou fòmil Èd Fondasyon an apre yo fin komisyone yon etid sou fòmil Èd Fondasyon an pa Rockefeller Institute of Government.
- Aplike yon politik manje gratis nan lekòl pou tout moun – sa asire 2.7 milyon elèv resevwa dejene ak manje gratis nan lekòl, sa adrese pwoblèm ensekirite alimantè nan salklas yo epi diminye depans pou fanmi yo an mwayèn a 165 dola pa timoun chak mwa.
- Etabli yon politik dirijan nan peyi a pou kreye salklas san distraksyon lè yo entèdi itilizasyon telefòn entelijan nan lekòl nan tout eta a – yon inisyativ ki deja mennen nan anviwònman salklas pozitif ak pi bon angajman elèv nan katreven twa pousan lekòl yo te fè sondaj la.
- Nou mete an plas yon kolèj kominotè gratis pou elèv ki gen laj 25 a 55 an k ap pouswiv karyè nan domèn ki gen anpil demann, avèk plis pase onz mil elèv ki deja ap patisipe.
- Baze sou ekspansyon Pwogram Asistans pou Ekolaj (Tuition Assistance Program, TAP) pou ane fiskal 25 la, Gouvènè Hochul te elaji epi senplifye aksè ak TAP a tan pasyèl, li te bese papòt kredi a epi li te ogmante aksè pou etidyan ak granmoun k ap travay. Inisyativ sa a, ansanm ak ekspansyon TAP pou ane fiskal 2025 la, asire ke plis pase plizyè dizèn milye nouvo elèv gen aksè ak pwogram asistans pou peye lekòl espesyal Eta Nouyòk la.

- Nouyòk rive nan sizyèm plas atravè nasyon an pou premye fwa nan konplete FAFSA, gras a yon pwogram sansibilizasyon ogmante atravè tout eta a ki te jenere 175,000 aplikasyon FAFSA ak 47,000 aplikasyon TAP, apre yo te fin mete an plas politik "FAFSA Inivèsèl" pou elèv ki nan dènye sik ane lekòl segondè.
- Gouvènè Hochul te elaji tou klinik sante mantal ki baze nan lekòl yo, ki ede elèv jwenn yon pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans nan yon anviwònman familye san estigmatizasyon sou kanpis lekòl yo. Kounye a, eta a sipòte 1,300 satelit klinik, konpare ak 872 an 2020, ki kouvri 25 pousan nan tout lekòl piblik nan eta Nouyòk.
- Siyen Lwa SAFE pou Timoun yo ak Lwa sou Pwoteksyon Done Timoun yo pou fè yo vin lwa. Lwa sa yo mete restriksyon sou fonksyonalite rezo sosyal yo ki kreye depandans pou timoun, etabli yon presedan nasyonal enpòtan sou verifikasyon laj, epi anpeche operatè sou entènèt yo kolekte epi monetize done timoun san konsantman enfòme.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU